



Pou Piblikasyon Imedya: 06/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL KONSEYE NOUYÒKÈ YO POU EVITE VWAYAJ KI PA NESESÈ PLISKE GEN GWO NÈJ AK GWO VAN KI KA KOZE KONDISYON WOUT DANJEJE NAN PIZYÈ REJYON NAN ETA A

Zòn ki anndan Vil New York yo, Long Island ak Rejyon Mid-Hudson ta ka resevwa jiska sis pous nèj ak to ki avalye a yon pous oswa plis pou chak èdtan pafwa

Rejyon Lwès New York ak Rejyon North Country yo prevwa resevwa yon pye oswa plis nèj efè lak jiska vandredi maten; Buffalo Skyway fèmen pou kounye a akòz vizibilite ki fèb

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran prekosyon epi pou yo evite vwayaj ki pa nesèsè nan plizyè pati nan eta a paske gen de sistèm metewolojik yo prevwa k ap pwodui nèj ak rafal van nan plizyè rejyon, sa ki lakòz nèj ak wout ki kouvri ak glas, vizibilite ki fèb, ak kondisyon vwayaj ki kapab danjere jiska vandredi maten. Rejyon Lwès New York ak North Country prevwa resevwa plis pase yon pye nèj efè lak jiska vandredi, ak rafal van ki rive jiska 64 kilomèt alè, sa k ap lakòz kondisyon vwal blanch pafwa. Nan vil Nouyòk, Rejyon Long Island, ak Rejyon Mid-Hudson yo, yo prevwa jiska sis pous oswa plis nèj nan kèk kote ak rafal van jiska 64 kilomèt alè. Dapre previzyon an, yo ap ankouraje Nouyòkè yo, espesyalman sila yo ki nan rejyon sid eta yo, pou yo itilize transpò piblik pou yo vwayaje.

"Ak plis nèj gwo ak gwo van ki nan previzyon an, m ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo pa moute sou wout yo epi prepare pou kondisyon vwayaj danjere yo." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Zòn yo nan Rejyon Lwès New York ak North Country deja ap eksperimante nèj efè lak epi n ap prevwa jiska sis pous nèj nan rejyon Sid eta a yo ant aswè a ak demen maten. Tanpri evite nenpòt vwayaj ki pa nesèsè pou kenbe tèt ou an sekirite epi ede ekip antretyen nou yo ki soti sou wout yo pou netwaye otowout nou yo ak pon yo byen vit epi san danje."

Gouvènè Hochul [te mande ajans eta yo byen bonè nan semèn sa a](#) pou prepare resous pou entèvansyon ijans an prevwayans ak enpak ki lye ak tanpèt yo nan plizyè rejyon. Jedi maten, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a te fèmen Buffalo Skyway (State Route 5) soti Ridge Road rive Church Street nan Vil Buffalo akòz mank vizibilite paske yon bann efè lak te bay plizyè pous nèj pa èdtan.

Pou zòn yo nan Rejyon Lwès New York ak North Country, nèj efè lak pral kontinye jedi jiska vandredi swa ak total nèj ki rive nan yon pye oswa plis nan kèk kote. Zòn nan Vil Nouyòk yo, Long Island ak Mid-Hudson Valley pral konstate jiska sis pous nèj ak gwo van pafwa jiska vandredi maten, sa k ap lakòz kondisyon vwayaj danjere sitou pandan vwayaj vandredi maten an.

Yo deja pibliye plizyè avètisman ak konsèy sou move tan atravè eta a pou gwo nèj ak gwo van, ansanm ak inondasyon nan zòn lak pou Jefferson ak Oswego jiska vandredi apremidi. Pou ou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt meteyowolojik yo nan zòn ou an, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la.

Preparasyon Ajans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Sant Operasyon Dijans (Emergency Operations Center) Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la aktive epi l ap kontwole kondisyon yo depre, kowòdone operasyon entèkansyon yo, epi rete an kontak avèk lokalite yo pandan tout dire evènman an. Estòk Eta a prepare pou deplwaye resous nan lokalite yo pou sipòte nenpòt bezwen ki gen rapò ak tanpèt la, sa gen ladan ponp, twonsonez, sak sab, jeneratris, bèso, lenn ak dlo nan boutèy.

Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)

Pandan l ap kontinye entèkansyon kont nèj ak glas li nan Rejyon Lwès New York, North Country ak lòt zòn yo atravè eta a, Depatman Transpò Eta a ap prepare tou pou tanpèt nan zòn kotyè ki prevwa frappe pati sid eta a. Depatman an ankouraje Nouyòkè ki nan zòn ki afekte yo pou yo evite vwayaj ki pa nesès nan vandredi maten pou pèmèt chofè chasnèj li yo fè travay yo yon fason efikas an repons ak tanpèt la.

Pou sipòte aktivite kont nèj ak glas nan zòn enpòtan yo, yo te deplwaye 14 anplwaye ki gen ladan dis operatè kamyon chasnèj, de sipèvizè mekanisyen, ak de kamyon sèvis mekanisyen nan rejyon Mid-Hudson soti nan lòt rejyon yo.

- Kat operatè chasnèj, yon mekanisyen, yon sipèvizè mekanisyen, ak yon kamyon sèvis mekanisyen ki soti nan rejyon kapital la.
- Sis operatè chasnèj, yon mekanisyen, yon sipèvizè mekanisyen, ak yon kamyon sèvis mekanisyen ki soti nan Mohawk Valley.

Tout lokal rezidansyèl yo pral rete ak anplwaye yo pou operasyon yo 24/7 pandan tout dire evènman an ak operasyon netwayaj priyorite yo. Flòt Mekanik nan zòn ki afekte yo ap gen anplwaye nan tout lye rezidans prensipal yo 24/7 pou fè reparasyon epi mentni kamyon yo sou wout la. Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,594 gwo kamyon chasnèj

- 149 chasnèj mwayen
- 51 remòk chasnèj
- 322 gwo chajè

Sipèvizè yo ap evalye kondisyon sifas wout yo epi yo ap aplike pre-tretman dlo sale jan sa nesesè. Anplwaye nan Lower Hudson Valley pral aplike pre-tretman dlo sale sou tout sifas wout ki pa gen ase sèl rezidyèl. Nan Long Island, anplwaye yo pral aplike pre-tretman dlo sale nan tout ranp I-495 yo, ranp randone yo, estrikti ki wo yo, ak lòt zòn ki konsène yo.

Yo pral itilize sèvis remokaj nan lye sa yo pou elimine aksidan yo byen vit epi ede sikilasyon an kontinye bouje: I-84 (Dutchess), I-84 (Orange), I-684 (Dutchess), Hutchinson River Parkway, Cross County Parkway, Saw Mill River Parkway, Sprain Brook State Parkway, ak Taconic State Parkway. Nou pral re-evalye bezwen anplis sèvis remokaj pandan evènman an ap dewoule. Kamyon HELP yo ak èdtan sèvis yo pral pwolonje nan Long Island.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite <https://www.511ny.org/> oswa telechaje [aplikasyon mobil](#). gratis 511NY la.

Otorite Thruway

Otorite Thruway la gen 677 sipèvizè ak operatè ki pare pou entèvni avèk 230 gwo chasnèj, 118 chasnèj mwayen ak 11 charyo remòkè ak 66 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 119,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Ekip nèj ak glas yo gen anplwaye pou operasyon 24/7 atravè eta a. Resous adisyonèl yo ka deplase nan rejyon ki afekte yo jan sa nesesè.

Divizyon Buffalo Otorite Twotwa (Thruway Authority) a patisipe aktivman nan operasyon nèj ak glas pou tanpèt efè lak k ap kontinye a. Sant Operasyon li a te aktive mèkredi aswè epi li pral rete ouvè pandan tout dire evènman an.

Divizyon New York la angaje nan operasyon anti-glas anvan nèj yo prevwa aswè a epi ekip yo pral deplwaye nèt lè tanpèt nan zòn kotyè a rive.

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an, ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a [isit la](#).

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation)

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sitiyaasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan. Tout resous disponib yo prè pou ede ak nenpòt entèvansyon ijans.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv depre kondisyon metewolojik ak enpak yo. Vizitè pak yo dwe tcheke parks.ny.gov oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo.

Depatman Sèvis Piblik

Sèvis piblik New York genyen apeprè 5,500 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon ak restorasyon atravè Eta New York. Pèsonèl ajans lan ap swiv travay sèvis piblik yo pandan tout evènman an epi y ap asire peryòd travay sèvis piblik yo gen pèsonèl ki apwopriye ak rejyon yo prevwa ki pi afekte yo.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a prepare pou li deplwaye manm Patwouy anplis, jan sa nesesè, pou ede zòn ki afekte yo. Tout machin kat wou motris ak espesyalize Lapolis Eta a yo anplas ak pare pou entèvansyon imedyat, epi tout ekipman pou kouran ijans ak kominikasyon yo te teste.

Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak Canal Corporation

Anplwaye Otorite Enèji New York la ak anplwaye Canal Corporation yo ap fè preparasyon pou asire tout enstalasyon yo, resous yo ak ekipman yo byen sekirize epi ke yo prè. Otorite Enèji a prepare pou sipòte aktivite restorasyon enèji si sa nesesè.

Otorite Transpò Metwopoliten

MTA ap siveye kondisyon meteyowolojik yo depre pou asire sèvis san danje, ki fyab. Anplwaye MTA yo pral pare pou pwopaje sèl, netwaye platfòm ak eskalye nèj ak glas yo, kenbe siyal, entèriptè, twazyèm ray ap fonksyone MTA Bridges and Tunnels ap konseye otomobilis yo pou yo evite vwayaj ki pa nesesè epi pou yo kondui a vitès redwi. Metro-North Railroad pral opere nan yon orè samdi ak tren adisyonèl. Otobis atikile Vil New York yo ap ekipe ak chèn anvan lè anbouteyaj vandredi maten an. Long Island Rail Road planifye pou opere yon orè regilye nan jou lasemèn.

Kliyan yo ankouraje tcheke new.mta.info pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekosyon pandan y ap navige sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA yo: MYmta, Long Island Rail Road Train Time ak Metro-North Train Time.

Otorite Pòtyè a nan New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)

Otorite Pòtyè a ap prepare pou yon evènman nèj ivè yo prevwa jedi swa rive vandredi maten. Yo ap ankouraje pasaje ki itilize ayewopò yo, tèminal bis la, ak estasyon bis Otorite Pòtyè a pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta, anilasyon ak refè rezèvasyon yo. Yo ka aplike restriksyon vitès nan pon Otorite Pòtyè yo tou jan kondisyon yo mande. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou enpak metewo ki gen rapò ak ayewopò ak lòt enstalasyon Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyal yo, enskri pou [alèt PA yo](#) oswa telechaje youn nan [aplikasyon mobil PA yo](#).

###

Lèt nouwl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)